# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍǴÍ

**“Bilimlendiriw haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamı ulıwma orta bilim beriwge baylanıslı bólimleriniń Tashkent qalasında orınlanıw jaǵdayın úyreniw nátiyjeleri haqqında Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Senatınıń pán, bilim beriw hám densawlıqtı saqlaw máseleleri komiteti hám xalıq deputatları Tashkent qalası Keńesinin QOSPA QARARÍNDA belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı haqqında**

Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Senatınıń Pán, Bilimlendiriw, Densawlıqtı saqlaw Komiteti, Xalıq deputatları Tashkent qalalıq Keńesi menen birgelikte “Bilimlendiriw haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamınıń ulıwma orta bilim beriwge baylanıslı bóliminiń Tashkent qalasında orınlanıwın úyrenip shıǵıwı nátiyjesinde bir qatar kemshiliklerge jol qoyılǵanlǵı anıqlanǵan.

Atap aytqanda, ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde birinshi hám joqarı kategoriyalı muǵallimlerdiń úlesi oǵada az, kóplegen mekteplerde joqarı kategoriyalı muǵallimler joq, ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde pedagog kadrlarǵa bolǵan zárúrlik joqarı bolıwı menen qalmaqta, ayırım mekteplerde oqıwshılardıń sabaqqa qatnası tómen, ayırım rayon, qalalıq xalıq bilimlendiriw bólimleriniń pán metodistleriniń jıllıq is-rejeleri islep shıǵılmaǵan, óz baǵdarları boyınsha pán aylıqlarınıń ótkeriliwi belgilengen bolıwına qaramastan, rayon, qalalıq xalıq bilimlendiriw bólimleriniń buyrıqları islep shıǵılmaǵan, usının aqıbetinde mekteplerdegi pánler boyınsha metod birlespelerdiń jumısları toqtap qalǵan, muǵallimler sabaq procesin durıs shólkemlestirmegen, bunnan tısqarı oqıwshılardıń pánlerdi ózlestiriw dárejesi talap dárejesinde emes.

Fizikalıq, aqılıy, sensor (seziw) yamasa ruwxıy nuqsanları bar bolǵan balalardıń inklyuziv bilim alıwı ushın jeterli sharayatlar jaratılmaǵan, mekteplerdiń xabar-málimleme orayları talapqa juwap bermeydi, kórkem ádebiyatlar fondı jeterli emes, bul jerde islewshi xızmetkerlerdiń qánigeligin arttırıw zárúr.

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerindegi bilimlendiriw sapasına tásir kórsetiwshi materiallıq-texniklalıq bazasın bekkemlew, olarǵa sapalı bilim beriw ushın jeterli sharayatlar jaratılmaǵan. Ayırım mekteplerdiń kompyuterleri paydalanıwǵa jaramsız awhalǵa kelip qalǵan.

Ayırım mekteplerde karantin qaǵıydalarına boysınıw boyınsha kórsetpeler itibarǵa alınbaǵan, oqıwshılawdıń qolların juwıwı ushın sharayatlar jaratılmaǵan, qol juwıw úskeneleri jaramsız, bir klass xanasında oqıwshılar sanı 35 oqıwshıdan kóp, kóplegen mektepler 1,7-2,8 koefficent penen belgilengen sanitariya qaǵıydalarına qarsı jumıs alıp barıwǵa májbúr bolmaqta.

Kópshilik mekteplerdiń qurılıs ońlaw jumıslarında finanslıq qáte-kemshiliklerge jol qoyılǵan.

Huqıqbuzarlıqlar profilaktikası boyınsha da jumıslar jeterli dárejede shólkemlestirilmegenligi anıqlanǵan.

Joqarıdağılardı inabatqa alğan halda **buyıraman:**

**1.** 2021-jıl 17-maydağı Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Senatınıń Pán, Bilimlendiriw, Densawlıqtı saqlaw Komitetiniń 63-sanlı, Xalıq deputatları Tashkent qalalıq Keńesiniń 168/40-6-sanlı "Bilimlendiriw haqqında"ğı Ózbekstan Respublikası Nızamınıń ulıwma orta bilim beriwge baylanıslı bóliminiń Tashkent qalasında orınlanıwın úyreniwi nátiyjeleri haqqındağı qospa qararı mağlıwmat ushın qabıl etilsin.

**2.** Respublikalıq bilimlendiriw orayı (Q.Jubanov)na:

- eki hápte múddet ishinde Nızamnıń mazmun hám mánisin úgit-násiyatlaw boyınsha is-ilajlar rejesin islep-shığıw hám orınlanıwın támiyinlew;
- turaqlı túrde ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde pánler boyınsha metod birlespeler jumısların jetilistiriw, qánigeligin arttırıwğa barıp kelgen muğallimler tárepinen alğan bilimlerin mektep pedagogikalıq jámáátine jetkeriw ámeliyatınıń alıp barılıwın fán metodistleri tárepinen qadağalawğa alınıwın támiynlew;
- bilim beriw sapası tómen bolğan ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde hám "qızıl aymaqtağı" mekteplerde jumıs alıp barıp atırğan muğallimlerdiń qánigeligin arttırıw maqsetinde aymaqlıq seminarlar shólkemlestiriw wazıypaları júklensin.

**3.** Xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin arttırıw aymaqlıq orayı (B.Dilanov)na:

- bir ay múddette ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde xızmet kórsetip kiyatırğan kitapxana xızmetkerleriniń qánigeligin arttırıw boyınsha qısqa múddetli qánigelik arttırıw kursların shólkemlestiriw boyınsha is-ilajlar rejesin islep shığıw hám orınlanıwın támiyinlew wazıypası júklensin.

**4.** Kadrlar bólimi (S.Jumaniyazov)ne:

- bir hápte múddet ishinde pedagog kadrlarğa zárúrlik joqarı bolğan ulıwma orta bilim beriw mekteplerin pánler kesiminde anıqlaw hámde anıqlanğan pánler boyınsha 2021-2022-oqıw jılında olardı joqarı oqıw orınları pitkeriwshileri menen tolıqtırıw boyınsha kompleks is-ilajlar rejesin islep shığıw;
- turaqlı túrde rayon, qalalıq xalıq bilimlendiriw bólimleri metodistleriniń ulıwma orta bilim beriw mektepleri muğallimleri menen birge islesiwi, olardıń lawazım májbúriyatlarna qoyılatuğın talaplar hám xızmet nátiyjeliligin bahalaw (KPI) ólshemleri tiykarında xızmet alıp barıwın qatań qatań qadağalawğa alıw wazıypası júklensin.

**5.** Pedagogikalıq-psixologiyalıq diagnostika xızmetin shólkemlestiriw sektorı (E.Nurtaev)na:

- bir hápte múddet ishinde fizikalıq, aqılıy rawajlanıwında, sensor (seziw) yamasa ruwxıy nuqsanları bar bolğan balalardıń inklyuziv bilim alıwı boyınsha jaratılğan shárayatların úyrenip shığıp nátiyjesi boyınsha ministrlikke mağlıwmat kiritsin.

**6.** Ulıwma orta bilimlendiriw mákemeleri jumısların muwapıqlastırıw bólimi (M.Asemetdinov)ne:

Bilimlendiriw sapası tómen bolğan ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde bilim sapasın asırıw, sabaqlardıń keste tiykarında ótiliwin támiyinlew, oqıw rejesi boyınsha orınlanbağan saatlarğa saatpay tiykarında tájiriybeli qánigelerdi tartıw boyınsha mektep basshılarınıń juwapkershiligin kúsheytiw;

Mektep pitkeriwshilerin joqarı oqıw orınlarına kiriw kórsetikishlerin jaqsılaw maqsetinde joqarı oqıw orınlarında «Ashıq esikler» kúnin joqarı dárejede ótkeriw, kiriw imtixanları procesleri haqqındağı ózgerislerdi pitrkeriwshi hám ata-analarğa jetkeriw boyınsha is-ilajlardı ámelge asırıw wazıypaları júklensin.

**7.** Xalıq bilimlendiriw mákemelerin qurıw, ońlaw hám úskenelew, imaratlardan paydalanıwdı muwapıqlastırıw, mámleketlik-jeke sheriklik bólimi (I.Baltabaev) ne:

- bir hápte múddet ishınde ulıwma orta bilim beriw mekteplerindegi jetispeytuǵın fizika, ximiya hám biologiya xanalarındaǵı laboratoriya úskeneleri haqqında maǵlıwmat toplaw hám tolıqtırıw ilajların kóriw;
- bir ay múddet ishinde ulıwma orta bilim beriw mektepleri hájetxanalarınıń jaǵdayların úyrenip shıǵıw hámde olardı jańa oqıw jılına tayarlaw boyınsha tiyisli ilajlar kóriw wazıypaları tapsırılsın .

**8.** Barlıq rayon (qala) xalıq bilimlendiriw bólimleri baslıqlarına:

- rayon, (qala)lıq pán metodistleriniń turaqlı túrde mektep muǵallimleri menen birge islesiwi, olardıń lawazım májbúriyatlarına qoyılatuǵın talaplar hám xızmet nátiyjeliligin bahalaw (KPI) tiykarında xızmet alıp barıwın qatań qadaǵalawǵa alıw;
- turaqlı túrde mekteplerde pánler boyınsha metod birlespeler xızmetin jetilistiriwdı, qánigeligin arttırıwǵa barıp kelgen muǵallimler tárepinen alǵan bilimlerin mektep pedagogikalıq jámáátine jetkeriw ámeliyatı metodistler tárepinen qadaǵalawǵa alınıwın támiynlew;
- bilimlendiriw sapası tómen bolǵan mekteplerde bilimlendiriw sapasın arttırıw, sabaqlardıń sabaq kestesi tiykarında ótiliwin támiynlew, oqıw rejesi boyınsha orınlanbaǵan sabaqlarǵa ornına oqıtıw boyınsha qánigelerdi qamtıp alıw, mektep basshılarınıń juwapkershiligin kúsheytiw ilajların kóriw;
- turaqlı túrde bilimlendiriw sapası tómen bolǵan "qızıl aymaq"lardaǵı mekteplerde xızmet kórsetip kiyatırǵan xızmetkerlerdiń qánigeligin arttırıw maqsetinde oqıw-seminarların shólkemlestiriw;
- mektep pitkeriwshileriniń joqarı oqıw orınlarına kiriw kórsetkishlerin jaqsılaw maqsetinde joqarı oqıw orınlarında "Asıq esikler" kúnin joqarı dárejede ótkeriw, kiriw imtixanlarındaǵı procesi haqqındaǵı ózgerislerdi pitkeriwshiler hám ata-analarǵa jetkeriw boyınsha is-ilajlardı ámelge asırıw;
- barlıq ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde oqıw procesin karantin qaǵıydalarına tolıq boysınǵan halda xızmetkerler hám oqıwshılar ushın óz aldına kirip shıǵıw esiklerin shólkemlestiriw, oqıwshılardıń qolların juwıwı ushın sharayatlar jaratıw, barlıq klass xanalarında sanitariya qaǵıydalarına qatań boysınıw talapların orınlaw wazıypaları júklensin.

**9.** Atqarıwshılıq tártibi, fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar menen islesiw bólimi (M.Esbosinov)ne:

- Bir kún múddet ishinde usı buyrıqtı ministrliktiń barlıq bólimleri, barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimleri, respublikalıq boysınıwdaǵı bilimlendiriw mákemelerine jetkerip beriw wazıypası júklensin.

**10.** Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalaw ministrdiń birinshi orınbasarı w.w.a Q.Bekbawlieqa júklensin.

**Ministr** **R.Reimov**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI *

Nókis qalası
2021-jıl «09» сентябрь
№ 200

**"TASTÍYÍQLAYMAN"**
**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Xalıq bilimlendiriw ministri**
**____________R.Reimov**
**"__" sentyabr 2021j.**

**"Bilimlendiriw haqqında"ğı Ózbekstan Respublikası Nızamı ulıwma orta bilim beriwge baylanıslı bólimleriniń Tashkent qalasında orınlanıw jağdayın úyreniw nátiyjeleri haqqında Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Senatınıń pán, bilim beriw hám densawlıqtı saqlaw máseleleri komiteti hám xalıq deputatları Tashkent qalası Keńesinin QOSPA QARARÍNDA belgilengen wazıypalardı orınlanıw boyınsha**
**"IS-ILAJLAR REJESI"**

*(Tiykar: Ózbekstan Respublikası Oliy májlisi senatınıń pán, tálim hám densawlıqtı saqlaw máseleleri komitetiniń 2021-jıl 2-iyuldağı 09-16/1659-sanlı xatı).*

| T/p | Is-ilaj atı | Orınlanıw mexanizmleri | Orınlaw múddeti | Juwapker Orınlawshılar | Ámelge asırılğan jumıslar |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | "Bilimlendiriw haqqında"ğı Ózbekstan Respublikası Nızamı ulıwma orta bilim beriwge baylanıslı bólimleriniń Tashkent qalasında orınlanıw jağdayın úyreniw nátiyjeleri haqqında Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Senatınıń pán, bilim beriw hám densawlıqtı saqlaw máseleleri komiteti hám xalıq deputatları Tashkent qalası keńesinin QOSPA QARARÍNDA belgilengen wazıypalardı orınlanıw boyınsha is-ilájlar rejesin islep shığıw hám tastıyıqlatıw. | "Bilimlendiriw haqqında"ğı Ózbekstan Respublikası Nızamı ulıwma orta bilim beriwge baylanıslı bólimleriniń is-ilájlar rejesin islep shığıw hám orınlanıwı boyınsha tiyisli bólim hám sektorlarğa bekitiw. | 2021-jıl sentiyabr | Respublikalıq bilimlendiri orayı (Q.Jubanov) | |
| 2. | Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde jumıs alıp barıp atırğan kitapxanashı xızmetkerlerdiń | Mekteplerde jumıs alıp barıp atırğan kitapxana xızmetkerleriniń qánigeligin arttırıw boyınsha qısqa múddetli qánigeligin asırıw kursların | Bir ay múddetde | Xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám olardıń qánigeligin arttırıw aymaqlıq orayı (B.Dilanov) | |

| T/p | Is-ilaj atı | Orınlanıw mexanizmleri | Orınlaw múddeti | Juwapker Orınlawshılar | Ámelge asırılǵan jumıslar |
|---|---|---|---|---|---|
| | qánigeligin arttırıw boyınsha qısqa múddetli qánigeligin arttırıw kursların shólkemlestiriw. | shólkemlestiriw boyınsha is-ilajlar rejesin islep shıǵıw hám tastıyıqlaw. | | Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |
| 3. | Xalıq bilimlendiriw bólimleri metodistleriniń turaqlı túrde ulıwma orta bilim beriw mektep muǵallimleri menen birge islesiwleri, olardıń lawazımlarına qoyılatuǵın talaplar hám jumıs nátiyjeliligin bahalaw kriteriyaları (KPI) tiykarında jumıs alıp barıwın qadaǵalawǵa alıw. | Rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi metodistleri óz pán baǵdarları boyınsha pán muǵallimleri menen birge islesiw grafigin islep shıǵadı hám usı tiykarda óz jumısların shólkemlestiredi. | Turaqlı túrde | Kadrlar bólimi (S.Jumaniyazov), QRXBM janındaǵı Respublikalıq bilimlendiri orayı (Q.Jubanov) Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |
| 4. | Turaqlı túrde ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde pánler boyınsha metod birlespeler jumısların jetilistiriw, qánigeligin arttırıwǵa barıp kelgen muǵallimler tárepinen alǵan bilimlerin mektep pedagogikalıq jámáátine jetkeriw ámeliyatınıń alıp barılıwın metodistler tárepinen qadaǵalawǵa alıw. | Rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi metodistleri óz pán baǵdarları boyınsha ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń oqıw tárbiya isleri boyınsha direktor orınbasarları menen birgelikte qánigeligin arttırıwǵa barıp kelgen muǵallimlerdiń dizimin qáliplestiredi hám olar menen birgelikte jumıs alıp baradı. | 2021-2022 oqıw jılı dawamında | Respublikalıq bilimlendiriw orayı (Q.Jubanov) Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |
| 5. | Bilimlendiriw sıpatı tómen bolǵan ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde bilim sıpatın asırıw, sabaqlardıń keste tiykarında ótiliwin támiyinlew, oqıw rejesi boyınsha orınlanbaǵan saatlarǵa saatpay tiykarında qánigelerdi tartıw boyınsha mektep basshılarınıń juwapkershiligin kúsheytiw. | Bilimlendiriw sıpatı tómen bolǵan ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde bilim sıpatın asırıw, sabaqlardıń keste tiykarında ótiliwin támiyinlew, oqıw rejesi boyınsha orınlanbaǵan saatlarǵa saatpay tiykarında tájriybeli qánigelerdi tartıw boyınsha mektep basshılarına usınıslar beriw. | Turaqlı túrde | Ulıwma orta bilimlendiriw mákemeleri jumısların muwapıqlastırıw bólimi (M.Asemetdinov), Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |

| T/p | Is-ilaj atı | Orınlanıw mexanizmleri | Orınlaw múddeti | Juwapker Orınlawshılar | Ámelge asırılǵan jumıslar |
|---|---|---|---|---|---|
| 6. | Bilimlendiriw sıpatı tómen bolǵan ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde "qızıl aymaqtaǵı" mekteplerde jumıs alıp barıp atırǵan muǵallimlerdiń qánigeligin arttırıw maqsetinde aymaqlıq seminarlar shólkemlestiriw. | Bilimlendiriw sıpatı tómen bolǵan mekteplerde "qızıl aymaqtaǵı" mekteplerde jumıs alıp barıp atırǵan muǵallimlerdiń qánigeligin arttırıw maqsetinde bu mekteplerde is-tájriybesi en-jaydırılǵan muǵallimler menen birgelikte oqıw seminarların shólkemlestiriw. | Turaqlı túrde | Respublikalıq bilimlendiriw orayı (Q.Jubanov) Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |
| 7. | Mektep pitkeriwshilerin joqarı oqıw orınlarına kiriw kórsetikishlerin jaqsılaw maqsetinde joqarı oqıw orınlarında «Ashıq esikler» kúnin joqarı dárejede ótkeriw, kiriw imtihanları processleri haqqındaǵı ózgerislerdi pirkeriwshi hám ata-analarǵa jetkeriw boyınsha is-ilajlardı ámelge asırıw. | Mektep pitkeriwshilerin joqarı oqıw orınlarına kiriw kórsetikishlerin jaqsılaw maqsetinde joqarı oqıw orınları menen birgelikte «Ashıq esikler» kúnin joqarı dárejede shólkemlestiriw.<br>Joqarı oqıw orınlarına kiriw imtihanları processleri haqqındaǵı ózgerislerdi pitkeriwshi hám ata-analarǵa jetkeriw boyınsha sociallıq tarmaqlarda hám ata-analar jıynalıslarında túsindiriw jumısların alıp barıw. | Turaqlı túrde | Ulıwma orta bilimlendiriw mákemeleri jumısların muwapıqlastırıw bólimi M.Asemetdinov), Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |
| 8. | Bilimlendiriw mákemelerindegi pánler boyınsha vakant orınlardı joqarı bilim beriw pedagogika mákemeleri pitkeriwshileri menen tolıqtırıw ilájların kóriw. | Bilimlendiriw mákemelerindegi pánler boyınsha vakant orınlardı joqarı bilim beriw pedagogika mákemeleri pitkeriwshileri menen ushrasıwlar ótkeriw hám de bos jumıs orınları haqqında maǵlıwmatlar beriw. | 2021-jıl sentyabr | Kadrlar bólimi (S.Jumaniyazov), Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |
| 9. | Fizikalıq, aqılıy rawajlanıwında, sensor (seziw) yamasa ruwxıy nuqsanları bar bolǵan balalardıń inklyuziv bilim alıwı boyınsha jaratılǵan sharayatların úyrenip shıǵıw. | Fizikalıq, aqılıy rawajlanıwında, sensor (seziw) yamasa ruwxıy nuqsanları bar bolǵan balalardıń inklyuziv bilim alıwı boyınsha jaratılǵan sharayatlar bergelikte úyrenip ámelge asılıwı tiyis bolǵan jumıslar boyınsha | bir hápte múddetde | Pedagogikalıq-psixologiyalıq diagnostika xızmetin shólkemlestiriw sektorı (E.Nurtaev) Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimleri hám | |

| T/p | Is-ilaj atı | Orınlanıw mexanizmleri | Orınlaw múddeti | Juwapker Orınlawshılar | Ámelge asırılǵan jumıslar |
|---|---|---|---|---|---|
| | | is-ilajlar belgilew. | | Respublikalıq boysınıwdaǵı bilimlendiriw mákemeleri baslıqları | |
| 10. | Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde bilim beriw sıpatına tuwrıdan tuwrı tásir kórsetiwshi materiallıq-texnikalıq bazanı bekkemlew, olarda sıpatlı bilim beriw ushın jeterli sharayatlar jaratıw. | Ulıwma orta bilim beriw mekteplerindegi jetispeytuǵın fizika, ximiya hám biologiya xanalarındaǵı laboratoriya úskeneleri haqqında maǵlıwmat toplaw hám qurılıs ońlaw, úskenelew ushın ajıratılıp atırǵan qarjılar muǵdarın asırıw boyınsha Ministrler Keńesine usınıslar kiritiw | bir hápte múddetde | Xalıq bilimlendiriw mákemelerin qurıw, ońlaw hám úskenelew, imratlardan paydalanıwdı muwapıqlastırıw, mámleketlik-jeke sheriklik bólimi (I.Baltabaev)<br>Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslıqları | |

Tayarlaǵan:J.Ismetullaev
Tel: 91 3927780